

## OTO-EVALYASYON PÈFÒMANS

(Adapte pou Sirentandan Lekòl Piblik Boston yo)

<b>Non:</b>	Mary Skipper
<b>Dat Li Fini:</b>	Jiyè 2023
<b>Moun ki konplete l:</b>	Mary Skipper
<b>Tip Plan Edikasyon</b>	Plan Kwasans Oto-Dirije

### DEFINISYON WOTASYON YO

<b>TRÈ EFIKAS (Egzanplè)</b>	Pèfòmans lan te depase lajman atant yo akòz de kalite ki eksepsyonèlman elve travay ki fèt nan tout domèn responsabilite esansyèl, sa ki tradwi pa yon kalite global travay siperyè; epi swa 1) gen ladan l achèyman yon objektif oubyen yon pwojè majè, oubyen 2) pote yon kontribisyon eksepsyonèl oubyen inik an sipò ak objektif inite, depatman oubyen distri yo. Nòt sa kapab atenn pa nenpòt ki anplwaye byenke yo bay li raman.
<b>EFIKAS (Mètriz)</b>	Pèfòmans lan te depase regilyèman atant yo nan tout domèn esansyèl responsabilite yo, epi kalite travay la an jeneral te ekselan. Objektif anyèl yo te satisfè.
<b>AP ELABORE (Mètriz)</b>	Pèfòmans lan te satisfè regilyèman ak atant yo nan tout domèn responsabilite esansyèl yo, ki depase pafwa atant yo, epi kalite travay la an jeneral te vrèman bon. Objektif anyèl ki te pi kritik yo te rive satisfè.
<b>EFIKAS YON JAN MINIM (Bezwen Amelyorasyon)</b>	Pèfòmans lan pa reponn regilyèman ak atant yo – pèfòmans lan pa t reyisi reponn ak atant yo nan youn oubyen plis domèn responsabilite esansyèl, epi/oubyen youn oubyen plis nan objektif ki pi esansyèl yo pa t rive reponn. Yon plan devlopman pwofesyonèl pou amelyore pèfòmans lan dwe atache, ki gen ladan l dèle yo, epi jwenn siveyans pou mezire pwogrè yo.
<b>INEFIKAS (Pa satisfèzan)</b>	Pèfòmans lan te regilyèman anba atant yo nan majorite domèn responsabilite esansyèl yo, epi/oubyen pwogrè rezonab pou atenn objektif esansyèl yo pa t rive fèt. Amelyorasyon enpòtan nesèsè nan youn oubyen plis domèn. Yon plan pou korije pèfòmans, ki gen ladan l dèle yo, dwe defini epi jwenn siveyans pou mezire pwogrè yo.

## **ESTANDA I: Direksyon Pedagojik**

*Direktè Pedagojik la favorize aprantisaj ak kwasans tout elèv yo ak siksè tout pèsonèl la nan kiltive yon vizyon pataje ki plase ansèyman ak aprantisaj pwisan nan sant eskolarite.*

Domèn Konsantrasyon Espesifik:

- 1-A Kourikoulòm
- 1-D Evalyasyon
- 1-E Priz Desizyon Baze sou Done yo
- 1-F Aprantisaj Elèv yo 1-A Kourikoulòm
- 1-B Enstriksyon
- 1-C Evalyasyon
- 1-D Evalyasyon
- 1-E Priz Desizyon Baze sou Done yo
- 1-F Aprantisaj Elèv

Aliyman Objektif Sirentandan:

- Priyorize ak akselere pèfòmans akademik yo
- Ranfòse Aksè ak Aprantisaj Sosyo Emosyonèl
- Ogmante responsabilizasyon Biwo Santral la ak Lekòl yo

### **NOTASYON:**

	<b>TRÈ EFIKAS</b>
<b>x</b>	<b>EFIKAS</b>
	<b>AP ELABORE</b>
	<b>EFIKAS YON JAN MINIM</b>
	<b>INEFIKAS</b>

### **KÒMANTÈ:**

Pou estanda sa, mwen pral bay divès egzanz pou travay nou an ki lye ak

- Sistèm Sipò Plizyè Nivo
- Alfabetizasyon Ekitab
- Enklizyon
- Edikasyon Bileng
- Plan Estratejik Biwo Edikasyon Miltileng ak Miltikiltirèl (OMME)
- Opòtinite Fakilte Bonè
- Ekspansyon Edikasyon Teknoloji Karyè
- Sipò Elèv-Opòtinite pou Jèn ki Abandone efò/travay Absanteyism Kwonik

Chak elèv dwe gen yon aprantisaj plen rigè, baze sou nòm ak adapte ak kilti e ak lang nan anviwònman ki mwens restriktif la. Nan objektif pou epanwi, elèv yo dwe resevwa yon kontinyòm sèvis, epi jwenn aksè ak yon ansèyman nan lang matènèl la nan yon batiman lekòl ki akeyan, san

danje, toupre kay yo, epi ki ofri divès espas ak teknoloji 21èm syèk.

Pandan 10 dènye mwa yo depi m te vin yon Sirentandan, mwen te aprann ak re-aprann anpil sou BPS. Plan Amelyorasyon Sistemik (SIP) nou an, rapò Konsèy Great City Schools yo, odit sou done EY yo, vizit lekòl yo, ak reyinyon avèk elèv yo, fanmi yo, pèsònèl la, ak patnè yo, yo tout te ede mwen konprann kisa ki te mache, sa k ap mache epi sa nou dwe chanje.

Gras ak re-oryantasyon mwen vè BPS, mwen rete klè genyen yon gwo travay ki pou fèt alafwa nan nivo Distri a ak nan lekòl nou yo pou atenn vizyon sa pou tout elèv yo. Regwoupe Distri nou an nan yon vizyon ki solid ki konsantre ak akselere pèfòmans akademik ak sipò pou tout lekòl yo vin tounen kote ki enklizif nan ogmante aksè ak opòtinite aprantisaj nan lang matènèl yo pou aprenan miltileng yo epi ogmante aksè ak divès anviwònman ki mwens restriktif pou elèv ki andikape yo, ki gen ladan yo sa yo ki pale plizyè lang, se youn nan tòp priyorite mwen yo antan ke Sirentandan.

### **Sistèm Sipò a Plizyè Nivo ak Literasi Ekitab:**

Anba lidèchip Doktè Linda Chen, Sirentandan Prensipal Adjwen Akademik ak Doktè Drew Echelson, Chèf Lekòl ak Responsabilite, nou te pran divès etap enpòtan pou asire ke chak salklas Lekòl Piblik Boston yo gen [nivo pedagojik 1 solid](#) (dyapozitif 9 ak 10) epi ki akeyan ak enklizif pou **tout** elèv yo. Anplis, atravè [travay literasi ekitab](#) nou an, nou te kreye divès atant inivèsèl epi te ofri yon fòmasyon espesifik, divès materyèl ak konpozan pou pèsònèl yo asire ke tout elèv yo, espesyalman sa ki istorikman defavorize yo, ki reyalize konplètman jeni yo epi vin yon lektè ak yon kreyatè divès tèks ki pwisan.

### **Enklizyon pou Elèv Andikape yo ak Aprenan Miltileng yo:**

Espesyalman konsènan travay nou an avèk aprenan miltileng yo, nou ap elaji tou edikasyon bileng , aksè ak Lang Matènèl epi travay pou mete an èv [plan estratejik OMME \(plan\)](#) nou an. Ane sa, nou te kòmanse wè rezilta nan aplikasyon sa. Majorite nan aprenan miltileng nou yo ap resevwa sèvis yo gen dwa pase ane pase epi pandan nou toujou gen anpil travay pou n fè, nou gen pousantaj ki pi wo jiska mentnan nan kad akò Depatman Jistis nou an ki selon li menm pou aprenan miltileng yo resevwa sèvis apwopriye. Nou pase soti nan 89% nan resevwa kantite apwopriye ansèyman an anglè ki rekòmande ki kounye rive nan 94% aprenan miltileng ki ap resevwa kantite apwopriye ansèyman an anglè ki rekòmande. Rezilta adisyonèl ki relatif ak plan estratejik OMME nou an ansanm ak aprenan miltileng nou yo kapab jwenn [isit](#).

Nan sa ki konsène travay nou an avèk elèv edikasyon espesyal nou yo, ane ki sot pase a, nou te travay avèk yon kowòt plis pase 22 lekòl pou fòme ekip planifikasyon enklizyon yo a pandan yo kòmanse travay pou transfòme lekòl yo pou soutni pratik enklizif yo. Pran leson nan ane ki sot pase a ak plizyè rekòmandasyon nan [rapò Konsèy Great City School \(CGCS\)](#), nou ap travay aktivman sou Plan Edikasyon Enklizif nou an ki pral soumèt bay DESE an Out nan kad SIP nou an. Nou pral pataje plan sa yon fwa yo soumèt li. Nan ane lekòl 2023-2024, nou ap mande tout lekòl yo pou gen Ekip Planifikasyon Enklizyon pa yo anplas pou nou kapab deplwaye enklizyon pa nivo lekòl epi ofri yon devlopman pwofesyonèl adisyonèl pou edikatè nou yo ki pral garanti ke pèsònèl la dispoze

fòmasyon ak resous yo bezwen pou sèvi elèv nou yo nan espas enklizif kote elèv yo jwenn aksè ak yon enstriksyon nan lang matènèl ak anviwònman ki mwens restriktif yo.

Nou te devlope ak ogmante egalman resous yo nan efò rekritman ak retansyon nan elaji pwogram entèn yo ak paplayn pou nou kapab genyen pèsònèl ki lengwistikman ak kiltirèlman divèsifye, sètifye nan edikasyon espesyal ak ESL, ke nou bezwen pou soutni Plan Edikasyon Enklizif nou an. Bous ansèyman nou an te apwouve 24 pwofesè premye ane pou jwenn yon pèmi inisyal nan andikap modere ak ESL epi Pwogram Edikatè Bileng/Kominote Akselere pou Pwofesè (ACTT) nou an te mennen 29 nouvo adilt nan pwofesyon ansèyman ansanm avèk 41 elèv ki nan Pwogram Pwofesè Kadè nou an. Genyen 45 kandida nan bous ak 31 nouvo pwofesè potansyèl nan ACTT pou ane sa k ap vini an. Anplis, nou te elaji ekip rekritman pou entegre ladan l yon manm ekip adisyonèl yon jan pou nou kapab konsantre sou efò nou yo pou rekrute pou domèn ki gen bezwen elve yo. Nou te ajoute tou yon responsab lisans ki kapab soutni kandida endividyèl yo ak lekòl yo nan klarifye atant yo epi jwenn enfòmasyon sou kesyon jwenn lisans. Pi gwo konsantrasyon jesyonè sa se te sou lisans yo pou Andikap Modere yo ak ESL. Ekip rekritman an te òganize divès fwa sible avèk Biwo Edikasyon Espesyal ak Biwo Edikasyon Miltileng ak Miltikiltirèl ki destine pou atire divès kandida ki Andikape yon Fason Modere ak lisansye ESL epi te rekrute apati de sous ki aksantye sou devlopman pwofesè yo nan domèn sa yo egalman.

### **Ekspansyon Ansèyman Teknik nan Nivo Kolejyal ak Pwofesyonèl:**

Nan ka elèv segondè nou yo, nou vle asire ke yo jwenn diplòm nan BPS prepare pou fakilte ak karyè pwofesyonèl. Nou [te elaji opòtinite pou fakilte bonè](#) nan plizyè lekòl segondè, nan deplase anprent nou a 14 pwogram nan sèt lekòl segondè BPS diferan pou 2023-24, ogmante kantite elèv nou yo n ap desèvi nan pwogram Early College soti nan 290 rive 740. Nou pral ajoute nan omwen kat pwogram anplis nan twa nouvo lekòl segondè pou 2024-25. Anplis, nou pral lanse premye pwogram 13 Ane nou an nan Fenway High School nan 2023-24, avèk dezyèm pwogram nou an pou lanse pwochèn ane a nan Charlestown High School. Pwogram sa pral pèmèt elèv yo ale nan premye ane etid fakilte yo san frè eskolarite jis aprè yo fin diplome nan etid segondè, avèk pwobabilite ke elèv yo jwenn yon Diplom Asosye isit nan fen premye ane fakilte sa.

Nou te elaji tou opòtinite ansèyman teknik pwofesyonèl (CTE), an patikilye pakou pou lekòl segondè altènativ nou yo gras ak deplwaman nouvo pakou Fòmasyon Karyè Pwofesyonèl Entegre nou yo. Tradisyonèlman, edikasyon altènativ la te konsantre sou kesyon pou elèv yo jwenn diplòm yo. Sa enpòtan, men nou vle tou asire ke elèv yo prepare epi gen yon plan yon fwa yo fin gradye. Nan entegre fòmasyon pwofesyonèl la nan pwogram edikasyon altènativ yo, nou ap asire ke elèv yo diplome epi gen yon plan pou avni yo. Konsa tou, nou pral lanse Middle School Academy nan 2023-24 nan Boston Collaborative High School, sa ki pral pèmèt divès plasman akoutèm pou elèv ki bezwen sèvis adisyonèl yo nan klas 7-9 pou kenbe elèv sa yo sou bòn vwa pandan ane vital sa yo.

### **Prezans elèv la:**

Pou elèv nou yo aksede ak benefisye nan pwogramasyon akademik ki gen rigè ak kalite nou ap konstwi a, yo dwe nan lekòl epi prezan pou fè sa. Pandan nou ap retabli nan pandemi an, nou te wè yon ogmantasyon nasyonal nan Absanteyism Kwonik. Boston pa fè eksepsyon nan kèk tandans frekantasyon ke nou ap obsève nan echèl nasyonal la. Pou ede abòde pwoblèm prezans chak jou ak kwonik lan, nou te fè plizyè investisman kle ki gen ladan l ajoute divès sipèvizè prezans adisyonèl nan modèl rezo rejyonal nou an epi te [devlope divès estrateji](#) tankou nan ofri ti sibvansyon ensitatif nan lekòl ane dènyè yo pou ede konsantre resous yo pou ramne elèv nou yo nan lekòl la. Nan 35 lekòl ki te resevwa yon mini-sibvansyon prezans nan Ane Lekòl 2022-23, 24 te wè yon rediksyon nan to absanteyism kwonik yo ki soti nan Ane Lekòl 2021-22 rive nan Ane Lekòl 2022-23 (YTD), pandan ke twa ki rete nan menm nivo a. Pami sa yo, 17 te gen yon rediksyon nan omwen 5% epi senk te gen yon rediksyon 10% oubyen plis. An jeneral, absanteyism kwonik nou an te tonbe nan 42% rive 37% epi sou-gwoup patikilye pou note yo se edikasyon espesyal (4% rediksyon), Elèv nwa (6% rediksyon), Latino (4% rediksyon), ak aprenan anglè (5% rediksyon).

### **Sipò pou Elèv:**

Ane lekòl pase sa te pèmèt nou apwofondi konesans nou sou bezwen afektif sosyal elèv nou yo, sa ki te pèmèt nou kreye yon Divizyon Soutyen pou Elèv yo ki pi konplè. Nan Janvyè, nou te rekrute yon Sirentandan Adjwen Devlopman ak Avansman Elèv. Wol sa te ba nou kapasite pou desinen ak kòmanse mizannèy yon pwogram Medyasyon Kamarad ki konte divès reprezantan plizyè lekòl, kit nan nivo segondè ak nan nivo entèmedyè. Kreyasyon wol sa nan Divizyon Sipò Elèv te pèmèt nou ranfòse epi defini plis patenarya nou an avèk Biwo Majistra pou Avansman Gason. Divès evènman remakab tankou yon vizit nan HBCUS nan zòn DMV pandan vakans prentan yo pou apwoksimativman 40 elèv ak òganizasyon Somè Otonomizasyon pou anviwon 100 jèn elèv sèks maskilen fè pati travay enkwayab ki te rive fèt pandan dènye ane lekòl la. Nou vrèman kontan pou kontinye elaji patenarya sa nan ane lekòl k ap vini an.

Pou ane lekòl k ap vini an, nou ap elaji egalman plizyè nan departman Sipò Elèv nou yo pou koresponn ak kad rejyonal distri a. Departman Succeed Boston pral ajoute nèf Espesyalis Rejyonal nan Jistis Repartris/SAWS (Espesyalis Lekòl San Danje ak Akeyan) ak yon Direktè Pwogram Jistis Repartris pou soutni travay enpòtan sa. Nan departman Travay Sosyal nou an, nou te ajoute yon pòs Travay Sosyal SLIFE Distri a ansanm ak dizwit wol travay sosyal SLIFE baze nan lekòl yo pou soutni bezwen sante mantal ak emosyonèl sosyal nouvo veni nou yo ansanm ak elèv ki gen aprantisaj limite oubyen ki entewonp yo. Departman Opòtinite Jenès la te ajoute divès Sipèvizè Prezans Adisyonèl (SOA) pou asire ke nou gen yon SOA pou chak rejyon. Departman espò ajoute yon Direktè Konfòmite anplis de twa Kowòdonatè Espòtif rejyonal yo epi Departman Sèvis Sante yo ap ajoute twa Kowòdonatè Pwogram Enfimri rejyonal. Tout pòs sa yo epi finalman, pèsonèl nou rekrute a jwe yon wol esansyèl pou sipòte jèn nou yo andeyò salklas la yon jan yo kapab reyisi nan salklas la ak pou devlope konpetans sosyal ki nesesè pou lavi.

Yon lòt domèn pou n note se patenarya avèk Komisyon Sante Piblik Boston pou mennen plis klinisyen sante mantal ak divès swen ki pran an kont twomatism nan lekòl nou yo ki plis nan

bezwen yo. Gras ak kolaborasyon nou avèk BPHC e ak pwosesis demann RFP, Franciscan Children te rive chwazi epi pral ofri sipèvizyon, yon sipò pou jwenn lisans, yon soutyen salaryal, ak divès alokasyon pou 22 klinisyen nan kòmansman karyè yo ki plase nan 10 sit lekòl BPS. Yo te chwazi lekòl yo nan itilize Endis Opòtinite, ke yo konsidere ki te lekòl ki gen pi gwo kantite repons ak kriz la pandan ane lekòl ki pase a. Pandan twa ane finansman sa, apwoksativman **900 elèv BPS** pral resevwa yon sipò klinik ak divès entèvensyon nan men 22 klinisyen ki plase nan 10 nouvo lekòl BPS.

Nan estanda II, mwen pral elabore ak detaye mizannèv ak evolisyon modèl [rezo rejyonal](#) nou an, ki esansyèl pou estrateji transfòmasyon Distri nou an ak pou asire genyen yon sipò apwopriye nan nivo santral ak dirèk pou lekòl nou yo nan tout domèn yo yon jan pou yo kapab reponn avèk efikasite bezwen varye elèv nou yo. Modèl rezo rejyonal la jwe yon wol esansyèl nan tout domèn òganizasyon yo, ki gen ladan yo rezilta elèv akademik nou yo.

## ESTANDA II: Jesyon ak Fonksyònman

*Favorize aprantisaj ak kwasans pou tout elèv yo ansanm ak siksè pou tout pèsonèl la nan asire yon anviwònman aprantisaj san danje, efisyan ak efikas, nan itilize divès resous pou mete an èv yon pwogram, dotasyon an pèsonèl, ak yon kalandriye apwopriye.*

- 2-A Anviwònman
- 2-B Jesyon/Devlopman Resous Imèn
- 2-C Sistèm Enfòmasyon sou Planifikasyon ak Jesyon
- 2-D Lwa Etik ak Politik
- 2-E Sistèm Fiskal yo

Aliyman Objektif Sirentandan:

- Amelyore Kominikasyon Entèn ak Ekstèn avèk Fanmi yo ak Pèsonèl yo
- Rasyonalizasyon Operasyon yo epi Garanti Sekirize Elèv yo

	<b>TRÈ EFIKAS</b>
<b>x</b>	<b>EFIKAS</b>
	<b>AP ELABORE</b>
	<b>EFIKAS YON JAN MINIM</b>
	<b>INEFIKAS</b>

### KÒMANTÈ:

Pou estanda II sa, mwen pral bay divès egzanp pou travay nou an ki lye ak

- Estrikti Ekip la: Depite yo
- Estrikti Ekip la: Modèl Rejyonal
- Planifikasyon Enstalasyon yo
- Transpò
- Biwo Jesyon Ijans/Planifikasyon Sekirite Lekòl la
- Sistèm Kominikasyon yo
- Kontra Travay yo

Divès sistèm ak divès operasyon solid esansyèl pou yon gwo òganizasyon tankou pa nou yo pou fè siksè epi li kontinye pou li yon domèn priyorite pou mwen, avèk konpreyansyon ke plizyè nan sistèm nou yo pa reponn aktyèlman ak divès atant oubyen nan nivo antrepriz la ki nesèsè pou 48 000 elèv n ap desèvi ansanm ak plis pase 12 000 pèsonèl nou anplwaye. Avan li se yon distri pèfòmman, nou dwe konprann entèdepandans sistèm nou yo ak travay nou an epi nou dwe kolabore nan òganizasyon nou an, alafwa lekòl yo ak depatman yo pou atenn vizyon pou yo yon distri enklizif ki ap sèvi vrèman bezwen elèv nou yo, fanmi yo, kominote a, ansanm ak pèsonèl la.

### **Plan Amelyorasyon Sistèm lan:**

Nan travay [Plan Amelyorasyon Sistemik](#) (SSIP) nan rapò Lekòl Council Great City yo sou [Edikasyon Espesyal](#), [Transpò](#), ak [Sekirite Lekòl](#), nou te kòmanse yon travay entèfonksyonèl enpòtan pou kreye divès sistèm ak rekonstriksyon divès sistèm pou reponn ak bezwen BPS ki pi laj yo. Sipèvizyon ak responsabilite travay fonksyonèl ak entèfonksyonèl ap esansyèl pou jwenn rezilta ak ke nou bezwen yo. Nou te devlope divès pòtfèy travay epi te atribiye divès levye kle ak travay sa pou asire mizannèv sou pwochè 1-5 ane yo sou domèn ki esansyèl yo tankou: Sekirite Lekòl ak Elèv yo, Transpò, Etablisman, ak Kapital Imen pou site kèk ladan yo sèlman.

Chak domèn dispoz yon ekip entèfonksyonèl avèk yon estrikti òganizasyonèl ak yon kadans reyinyon klè pou relve divès defi konplèks ak entèdepandan avèk divès atant ak divès fliks enfòmasyon klè. Chak ekip ak departman enpòtan yo te devlope tou divès mezi pou swiv mizannèv yo. Pandan mizannèv la, nou dwe siveye travay la alèd de divès endikatè pèfòmans kle ki pèmèt nou konprann: *Èske nou fè sa nou te di a? Èske nou te byen fè l? Èske li te fè yon diferans pou timoun yo? Epi kòman nou fè konnen?*

Travay SIP la gwo epi pwogrè sou travay nou an ak rezilta tanjib elèv yo dwe vin mezi pou mezire siksè. Nou pa kapab fikse pwoblèm sa yo lannwit epi nou dwe asire ke nou gen yon fondman solid pou bati sou travay la. Sa se te konsantrasyon kolektiv nou an ane sa – konstwi fondasyon nou.

### **Estrikti Òganizasyonèl ak Rejyonal yo:**

Kòmanse avèk [Tablo Òganizasyonèl](#) nou an, mwen te restriktire ekip Distri a ak lidèchip nou an avèk twa sirentandan adjwen ki soutni domèn travay espesifik yo: Akademik yo, Operasyon yo, ak Ekite, Avansman Fanmi ak Kominote. Adjwen yo, ansanm ak Chèf Pèsonèl ak Konseye Senyò mwen yo, ap travay tèt kole avèk mwen pou priyorize, jere, ak egzekite travay la. Chèf Kabinè nou an, Rochelle Nwosu, se men dwat mwen. Li ap jere operasyon chak jou yo pou ede mwen rete sou tras ak jere bagay yo toutotan y ap prezante. Konseye Senyò nou yo ap travay tèt kole avèk Chèf Pèsonèl la pou jere ak egzekite yon jan pwoaktif gran pwojè yo oubyen divès kò travay nan domèn priyorite patikilye yo. Nouvo estrikti sa pèmèt dirabilite ak responsabilizasyon yon jan ki pa t janm pwodwi avan.

Anplis de tablo òganizasyonèl la, nou te kontinye evalye ak envesti avèk itilizasyon kòmantè chèf lekòl yo ansanm ak ajan liyezou nan [modèl rejyonal](#) nou an. Chak nan nèf ekip rejyonal yo ap fonksyone tankou yon satelit nan biwo santral la. Ekip rejyonal yo ap travay pou kont yo ak nan kèk ka an triyad pou evalye ak reponn ak defi e ak bezwen lekòl chak rejyon tout pandan nou ap kenbe yon relasyon solid avèk ekip santral la pou sipò.

Yon Sirentandan Lekòl Rejyonal ki ap dirije chak rejyon responsab pou 12-15 lekòl. Sirentandan lekòl yo ap itilize yon sik amelyorasyon kontini pou revize done ki baze nan lekòl yo epi apre sa sible sipò pou chèf lekòl yo kote domèn kwasans yo oubyen sipò ki nesèsè. Nan yon peryòd tan ki kout, nou te wè [kòmantè pozitif](#) (dyapozitif 5) ki soti bò kote chèf lekòl yo. Pa egzanp, nou pase



enpe plis pase 20% nan Me 2021 a prèske 70% an Mas 2023 nan satisfaksyon avèk bon reyaksyon biwo distri a. Idantik nan estrikti, ekip rejyonal yo pou ane k ap vini an te elaji epi gen ladan l:

- Yon Lidè Operasyonèl
- Espesyalis Angajman Familyal
- Espesyalis Ekite
- Yon Travayè Sosyal Distri a
- Yon Direktè Asistan Edikasyon Espesyal
- Liyezon Kapital Moun
- Kotch nan Literasi Ekitab
- Jesyonè Amelyorasyon Akselere ak Ankèt
- Sipèvizè Prezans
- Konfòmite Miltileng ak Sipò Akademik
- Espesyalis Restorasyon Jistis

Pou yon distri ki nan tay nou, nou dwe travay kòm yon sèl ekip, men tou rekonèt bezwen ki diferansye nan kominote lekòl nou yo. Alafwa estrikti òganizasyonèl ak modèl rejyonal yo esansyèl pou fondman travay nou an. Bati yon ekip solid epi jwe divès wol ak responsabilite klè ki pèmèt nou gen yon responsabilite klè pou travay ak akse sou rezilta.

### **Kontra Travay yo:**

Anplis, bati yon pèsònèl divèsifye epi ki ranpli talan, ki wè BPS antan ke yon espas pou travay, devlope, ak avanse nan sèvis elèv nou yo ak fanmi yo ki pèmèt nou kenbe kontra travay nou yo ak salè nou yo konpetitif ak ajou se esansyèl. Pandan ane ki sot pase sa, tout 18 kontra travay yo avèk sendika nou yo te ankou, kèk ladan yo te dire jiska 3 ane. Mwen fyè pou di ke nan premye ane mwen an, tout kontra nou yo kounye ajou epi, n ap travay avèk Biwo Relasyon Travay yo, nou te devlope yon ekip negosyasyon entèfonksyonèl pou asire ke nou ap planifye ak prepare pou negosyasyon alavni yo. Nou ap kontinye konstwi yon relasyon ak yon kolaborasyon solid avèk sendika nou yo pou fè yon travay esansyèl ki nesèsè pou lavni BPS. Chak nan sendika sa yo ki reprezante pèsònèl la ke pou kont li avèk chèf lekòl yo te travay san fatige pandan tout Pandemi an, nan fè tout sa ki nesèsè, pou elèv ak fanmi nou yo. Kounye a nou genyen yon kalandriye travay ki pèmèt nou chak ane konsantre sou divès negosyasyon nan kèk inite alafwa epi kenbe Distri nou an konpetitif epi yon espas kote pèsònèl la santi yo gen valè. Lè nou pa kenbe kontra yo ajou, espesyalman plis pase plizyè ane, pèsònèl la pa santi yo respekte oubyen gen valè. Anplis, pou asire ke tout kontra nou yo ajou, nou ap travay pou redwi ak rezoud griyèf ki an sispens yo epi bay fòmasyon ak pèsònèl la pou asire ke yo gen konpetans pou elimine prejije ak diskriminasyon nan espas travay la.

### **Etablisman Lekòl ak Distri yo:**

Yon lòt pati enpòtan nan fondasyon nou an se asire ke tout elèv nou yo nan espas ki an sekirite, pwòp, briye epi ki enspiran pou aprann.

Plizyè nan etablisman nou yo nan bezwen dezespere pou divès reparasyon majè oubyen divès renovasyon konplè. Anba lidèchip Doktè Sam Depina, Sirentandan Adjwen Operasyon yo, distri a nan dènye etap devlopman yo sou de (2) zouti enpòtan ak fondamantal enkwayab ki pral pèmèt nou kreye yon plan etablisman alontèm.

Avan fen lete a, nou pral fini yon Evalyasyon pou Kondisyon Enstalasyon yo (Facilities Condition Assessment, FCA). Aktyèlman, nou ap itilize yon [tablo debò batiman](#) ekip etablisman entèn nou an te kreye pou konprann kondisyon batiman nou yo. Byenke tablo debò a itil, FCA se yon analiz apwofondi yon founisè ekstèn sou eta batiman nou an. Nou pral itilize tou done FCA yo - an konjonksyon avèk Capital Predictor ak Asset Essentials - pou devlope yon plan enfrastrikti 10 ane. Sa pral pran an kont laj, dire vi itil, dirabilite (vèt) ak priyòrizasyon divès kategori antretyen pou abòde bezwen enfrastrikti esansyèl yo.

Nan fen ane sivil la, nou pral finalize etid dizay preK-6 / 7-12. Nan fen pwosesis sa, nou pral gen divès espesifikasyon pedagogik, divès nòm konstriksyon ak yon ribrik priyòrizasyon ki pèmèt nou akselere ritm konstriksyon ak renovasyon lekòl yo pou chak elèv nan Lekòl Piblik Boston yo kapab aprann nan yon batiman ki san danje, sen, rezilyan, ak enspiran.

[FCA ak konpozan Etid Dizay](#) la pral ede enfòme plan etablisman alontèm distri a. Plan enstalasyon nan echèl distri a pral ede distri a priyòrizasyon pwojè kapital yo epi bay enfòmasyon sou desizyon ki pran sou konsolidasyon potansyèl yo, fènti yo, nouvo konstriksyon yo, ak renovasyon enpòtan batiman lekòl yo nan distri a. Nou swete pataje plan sa byen bonè ane pwochèn.

### **Sekirite nan Lekòl:**

Yon lòt konpozan enpòtan pou etablisman ak operasyon nou yo se asire ke pèsònèl ak elèv ki nan batiman yo an sekirite, alafwa fizikman ak emosyonèlman. Lekòl Council of Great City yo (CGCS) te ba nou yon revizyon konplè ak [rekòmandasyon sou sekirite lekòl ak elèv yo](#). Nou te kòmanse aplike plizyè rekòmandasyon sa yo, kòmanse avèk kreyasyon ak dizay Biwo Jesyon Ijans lan. Nan kòmansman ane lekòl 2022-23, nou te gen mwens pase demi nan Espesyalis Sekirite nou yo ki te ekipe, aktyèlman nou te ranpli tout pòs Espesyalis Sekirite yo epi te devlope yon nouvo fòmasyon pou espesyalis nou yo avèk yon konsantrasyon sou dezskalad ak divès pratik ki pran an kont twomatis. Anplis de espesyalis sekirite nou yo, nou te konsantre sou Kowòdonatè Koneksyon Kominote nou an ki pral travay avèk chèf lekòl yo ak kominote yo pou founi yon konsantrasyon pwoaktif sou aksè ak resous yo e ak sipò adapte ak bezwen endividyèl elèv yo. Yo souvan mennen sa ki rive nan katye nou yo nan lekòl nou yo. Kowòdonatè yo pral jwe yon wol esansyèl lè yo konnen jèn nou yo ak nan ba yo sipò andedan ak deyò lekòl.

Ekip kominikasyon nou yo te rekrute yon espesyalis kominikasyon entèn ki te devlope divès [pwotokòl](#) pou lekòl yo konprann kilè yo dwe kominike avèk fanmi yo, an patikilye sou sijè tout bagay ki lye ak sekirite lekòl yo. Nou te founi yon fòmasyon pou dirijan lekòl nou yo ansanm ak administratè yo epi kounye a genyen yon konpreyansyon klè, divès modèl ak yon kominikasyon

moun ap swiv lè gen yon ensidan nan yon lekòl.

### **Transpò:**

Founi yon transpò san danje, fyab ak alè se esansyèl pou asire ke elèv nou yo kapab aksede ak edikasyon pa yo. Nou pral antre nan ane lekòl 2023-2024 la nan yon espas ki vrèman diferan pase yon ane pase avèk sèvis transpò bis jón nou an. Distri a konplètman gen pèsònèl pou chofè bis yo pou premye fwa avan pandemi COVID-19 la. Travay avèk Transdev, distri a te rekrute plis pase 200 chofè bis depi mwa Me 2022, ki gen ladan yo 139 ki te resevwa yon fòmasyon peye CDL (yon nouvo inisyativ distri a pa t ofri avan sa). Distri a ap kontinye travay avèk Transdev pou founi yon fòmasyon CDL kontini pou nouvo rekritman yo epi gen divès chofè adisyonèl nan fil atant lan ki pral fini fòmasyon an lete sa, donk zafè pou nou kòmanse ane lekòl la deja prè pou reponn ak objektif transpò nou yo. Nou gen yon nouvo kontra an plas avèk Transdev ki bati sou pwogrè nou te fè epi pou premye fwa gen divès ensitasyon finansyèl siyifikatif pou amelyorasyon pèfòmans yo ak domaj-entèrè pou non egzeksyon, aliye sou objektif transpò ki akse sou elèv nou yo. Nou te redesen sistèm kouvèti monitè bis nou yo yon jan pou tout bis yo transpòte elèv ki gen andikap yo gen omwen yon monitè ki monte avèk yo. Nou kontinye fè pwogrè siyifikatif pou rekrute monitè bis yo yon jan pou fanmi elèv edikasyon espesyal yo pa fè fas ak sèvis la k ap kanpe jan sa te konn fèt ane pase a. Distri a te rekrute 175 monitè bis pandan Ane Lekòl 2022-23 epi gen aktyèlman 105 nouvo monitè nan fil atant lan. Nou prevwa kòmanse ane lekòl 2023-24 la avèk plis pase 700 monitè epi pral kontinye travay pou rekrute, bay travay, ak fòm divès monitè adisyonèl. Gade nan done ane pase yo, antan ke yon sistèm, nou te amelyore Pèfòmans Alè a (On Time Performance, OTP) epi te rezoud yon pi gwo pousantaj done GPS ki manke toutotan ane a t ap pase. Sou Liy Asistans Telefonik nou an, distri a te ajoute yon fil atant ki dedye ak “monitè bis” pou fanmi elèv andikape yo nan Ane Lekòl 2022-23, anplis de pèsònèl miltileng nou an pou amelyore kominikasyon avèk fanmi yo. Tan atant pou fanmi yo te an mwayèn enferyè a 2 minit, objektif nou, nan fil atant anglè ak Monitè Bis yo pou Janvyè jiska Jen 2023. Nou kontinye ap travay pou redwi tan atant sou fil atant ki dedye ak lang espanyòl, kote lè atant yo an mwayèn 3:30 soti nan Janvyè rive Jen 2023. Byenke nou te fini ane a anba OTP 95% ki nan Plan Amelyorasyon Sistèm lan (Systemic Improvement Plan, SIP), nou te fè divès amelyorasyon operasyonèl enpòtan pou amelyore pèfòmans alè chak mwa, asire ke tout trajè yo kouvri sou yon baz chak jou, epi bay fanmi yo divès kominikasyon nan tan reyèl sou tout reta oubyen pwoblèm sèvis vya Liy Asistans Telefonik pou Transpò.

### ESTANDA III: Angajman Fanmi ak Kominote

*Favorize aprantisaj ak kwasans tout elèv yo ak siksè tout pèsonèl la atravè divès patenarya efikas avèk fanmi yo, òganizasyon kominote yo, ak lòt entèvenan ki ap soutni misyon lekòl la ak distri a.*

- 3-A Angajman
- 3-B Pataj Responsabilite
- 3-C Kominikasyon
- 3-D Preyokipasyon Fanmi yo

Aliyman Objektif Sirentandan:

- Devlope divès Pratik Otantik Angajman Fanmi ak Kominotè
- Amelyore Kominikasyon Entèn ak Ekstèn avèk Fanmi yo ak Pèsonèl yo

	<b>TRÈ EFIKAS</b>
<b>x</b>	<b>EFIKAS</b>
	<b>AP ELABORE</b>
	<b>EFIKAS YON JAN MINIM</b>
	<b>INEFIKAS</b>

### KÒMANTÈ:

Pou estanda III sa, mwen pral bay divès egzanp pou travay nou an ki lye ak :

- Restrikti: Amelyore Ekite, Avansman Fanmi ak Kominotè
- Amelyorasyon Konsèy Sit Lekòl La
- Liy Asistans pou Fanmi BPS
- Ekspansyon Mantora Paran
- Patenarya avèk Antrepriz yo

Nan antre ane sa, mwen te konstate ke prèske tout gwoup entèvenan mwen te rankontre yo - fanmi yo, elèv yo, patnè kominote yo, òganism san pwofi yo ak kominote antrepriz yo te dekonekte ak BPS epi te fristre pou n pa t gen okenn mwayen pou yo tande nou oubyen pou konprann kòman angaje. Reyalite patikilye sa te an fòtman kontrè avèk BPS mwen te konnen an depi 7 ane epi mwen imajine ke woulman dirijan yo ak pèsonèl la ki te fèt souvan te agrave li nan Distri a ansanm ak Pandemi an. Anplis, nan domèn travay prensipal yo tankou angajman Fanmi ak Kominote a, distri nou an te manke pèsonèl kit nan nivo Distri a ak nan nivo lekòl yo.

### **Amelyorasyon Ekite, Avansman Fanmi ak Kominote a ansanm ak Konsèy Sit Lekòl:**

Mwen kwè avèk fèmte menm jan ak ekip direksyon nou an, ke fanmi nou yo se pi gwo patnè nou nan travay sa epi nou dwe avanse soti nan yon modèl enplikasyon Fanmi ak Kominote ale nan youn nan angajman otantik la. Nan kad re-òganizasyon nou an ak pou siyifye enpòtans pou fè travay sa tounen yon liy direktris pou òganizasyon an, mwen te leve divizyon Ekite, Avansman Fanmi ak

Kominote a epi te kreye yon pòs Sirentandan Adjwen, Doktè Ana Tavares ap dirije. Anba lidèchip Doktè Tavares, nou te ogmante sipò pou Konsèy Sit Lekòl nou yo—ajoute yon liyezon pou chak rejyon epi kòmanse ane pwochèn, pral livre yon fòmasyon obligatwa pou pèsònèl lekòl la ak fanmi yo yon jan pou yo konprann wol enpòtan [Konsèy Sit Lekòl yo](#) nou an ak kolaborasyon ki nesèsè pou soutni elèv nou yo. Tradisyonèlman, fòmasyon sa te volontè epi sa te lakoz enkonyerans nan pratik ak kalite SSC nou an. Nan travay avèk plizyè Konsèy Paran nan Echèl Distri a ansanm ak Komite Direktè Adjwen an, sa te vin klè ke nou bezwen fè yon resèt epi envesti pwofondeman nan fòmasyon ak sipò dirijan lekòl nou yo ak paran yo yon jan pou SSC yo vin an reyalyte espas kote angajman paran ak fanmi an fèt konplètman.

### **Kominikasyon Fanmi ak Liy Asistans BPS:**

Pou reponn ak preyokipasyon konsènan kominikasyon ke paran ak fanmi yo pataje, ak nan yon efò kontini pou etabli konfyans avèk fanmi BPS yo, nou te mete an plas tou divès pwotokòl ak pwosedi senplifye pou kominike enfòmasyon enpòtan yo bay fanmi ak kominote lekòl yo osi rapidman ak prezizeman ke posib nan lang matènèl yo. Ekip kominikasyon elaji a ap travay tèt kole avèk ekip lidèchip la, dirijan lekòl yo, ak patnè vil nou yo pou kenbe fanmi nou yo enfòmè sou yon gran varyete sijè, ki gen ladan yo kominikasyon nan ka ensidan. Nan bay paran yo ak responsab swen yo divès kanal kominikasyon fyab ak koyeran, tankou divès apèl otomatize, divès imel, mesaj tèks ak divès mizajou sou rezo sosyal yo, nou pral ogmante konfyans pa yo nan distri a ak angajman nou pou transparans. Ane sa nou te devlope divès [pwotokòl kominikasyon](#) pou lekòl nou yo yon jan pou enfòmasyon sa pataje rapidman avèk fanmi yo. Nou pral kontinye bati ak amelyore ekip kominikasyon nou an yon jan nou kapab mobilize ak reponn ak tout sitiyasyon.

Anplis, nou te lanse tou [Liy Asistans BPS](#) ane pase antan ke sant sèvis kliyan pou ede fanmi yo/responsab k ap chache enfòmasyon sou distri a. Menm jan ak sistèm 311 Otèl Vil la, Liy Asistans lan te ouvri nan Me 2022, epi te sipòte 24 016 manm Kominote BPS la ki gen ladan yo divès paran, lekòl, patnè kominote ak depatman operasyonèl yo pou jwenn enfòmasyon, aksede divès resous, relve defi yo, reponn ak preyokipasyon epi soutni yon enpak ki pi enpòtan sou angajman yo tankou divès reyinyon nan echèl distri a oubyen ijans lekòl yo.

Liy Asistans yo te jere plis pase 20k kontak pou reponn ak bezwen Kominote BPS la (paran yo, edikatè yo, pèsònèl lekòl yo/dirijan yo, patnè kominotè yo ak sitwayen ki konsène yo). Men yon detay:

- 14 371 apèl antran / 7 899 apèl sòtan pou pran an chaj demann antran yo, demann asistans yo, preyokipasyon yo ak plent yo
- 1 592 imel
- 154 vizit san randevou (yon jan konsèvatè, swivi vizit san randevou yo an Desanm 2022)
- Opòtinite alavni yo gen ladan yo devlope fonksyonalite tchat nou an

Liy Asistans lan karakterize travay ki nan 4 Nivo Sèvis:

- Nivo 1 (non swivi pa FreshDesk) - Sipò Jeneral ki pa bezwen asistans teknik apwofondi (enfòmasyon jeneral sou navigasyon, transfè, navigasyon nan resous yo, elatriye). Yo pral

- gen ladan yo divès kòd swivi ane lekòl sa pou jwenn pi bon done sou tip apèl jeneral yo.
- Nivo 2 - Asistans Teknik rekòmande (swiv pa Freshdesk) - Sipò avèk fonksyon tankou divès fòm, kòman pou pi byen konekte avèk lekòl yo, elatriye) 1 975 apèl antre nan kategori sa
  - Nivo 3 - Preyokipasyon/Plent. Kategori sa gen ladan l 525 plent.
  - Nivo 4 - Sipò pi Laj Distri a (apèl antran/sòtan lè yon bagay enpòtan rive pou reponn kesyon kominote yo)
    - Enplike sipò apèl antran/sòtan, angajman nan reyinyon yo, patisipasyon nan reyinyon yo, elatriye.
    - Bay yon pi gwo kapasite ak lekòl yo lè y ap fè fas yon afliks apèl
    - Kapab sipòte kominikasyon jesyon ijans lè sa nesèsè
    - Kapab asosye ak lòt depatman oubyen lòt inisyativ pou amelyore kominikasyon (tankou Nouvèl Akò Ekolojik)

Ouvri nan semèn soti 8:30 am rive 5:00 pm, pèsònèl Liy Asistans lan reponn ak yon varyete kesyon. Matyè a varye pandan tout ane lekòl la men domèn sipò prensipal yo se:

- Edikasyon Espesyal (navigasyon IEP, Afektasyon, Pwosis Navigasyon)
- Transpò (divès apèl Preyokipasyon Siveyans/Pòt an Pòt, Eskalad)
- Kesyon/preyokipasyon ki lye ak lekòl yo (lojistik antre eskolè, kòman fè avanse bagay yo nan lekòl, ensidan/kòd kondwit/sekirite/soutyen ak entimidasyon)
- Soutyen ak Resous Familyal (P-EBT/SNAP, lojman, aksè abòdab ak bezwen fanmi yo)
- Lete (pèmi travay, enskripsyon nan pwogram, konpreyansyon diferan opòtinite pou sezon Lete a)
- Anrejistremant sipò Sèvis Akèy Elaji yo ak Pwosis Transfè (konpreyansyon Discover BPS (Dekouvri BPS), kòman pou navige nan pwosis la, lekòl egzamen yo, UPK, dèle elijibilite, elatriye)
- Nou ap travay pou rekilibre sistèm lan pou ba nou plis done espesifik sou sik lavi chak matyè

Nan moman sa, Èd Asistans lan gen ladan l yon Direktè Sèvis Konstitiyan ki ap dirije yon pèsònèl senk Espesyalis ki pale sis lang ki reprezante nan distri a ki gen ladan yo: Fransè, Arab, Kreyòl Kap Vèdyen, Pòtigè, Somali, ak Espanyòl. Liy Asistans lan swete ajoute de (2) Espesyalis ki nan semèn k ap vini yo ak yon Jesyonè BPS. Prensipal kandida yo pale Espanyòl ak Kreyòl Ayisyen pou ajoute kapasite lengwistik Liy Asistans lan. Nan lotòn, Liy Asistans lan swete ajoute kat pèsònèl anplis pou reponn ak volim apèl yo

Liy Asistans lan itilize lojisyèl FreshDesk, ki pèmèt pèsònèl la jere avèk efikasite epi swiv divès pwoblèm ak demann toutotan y ap rezoud. Nou pral kontinye bati siksè Liy Asistans pou fanmi an, men nou te wè bon satisfaksyon pou fanmi yo genyen yon espas “gichè inik” pou ale epi gras ak sistèm swivi a, nou te konstate yon ogmantasyon reyaktivite demann pa yo. Kèk nan amelyorasyon pou n konsidere yo gen ladan yo pilote pòtay FreshDesk yo pèmèt lekòl yo itilize pouvwa sistèm nou an pou preyokipasyon familyal ki trasab yo, kesyon ak enfòmasyon rafine sou pwogramasyon

FreshDesk baze sou sa nou te aprann devlope tablodebò piblik yo. Li te kapab gen ladan l zafè pou patisipe nan divès opòtinite sansibilizasyon elaji (tankou divès fwa pou resous yo, divès evènman, reyinyon, elatriye) pou bay sèvis sou tèren kote fanmi yo bezwen nou pandan nou angaje avèk kominote lekòl pa yo epi li pèmèt nou devlope yon baz konesans pou kominote nou an pou pataje enfòmasyon sou kesyon kominote nou an k ap chache jeneralman èd ak/oubyen divès kominote lekòl t ap renmen pataje.

### **Mantora Paran yo:**

Anplis, pou asire ke fanmi nou yo jwenn yon espas pou rele ak poze kesyon, nou vle to sipòte ak ogmante enplikasyon pa yo nan lekòl nou yo. Nou te devwale yon [RFP](#) pou idantifye yon patnè kominote ki kapab devlope oubyen itilize yon pwogram Mantora Paran prè pou itilize ki alafwa konstwi konfyans ak konpetans pou paran yo vin aktif nan lavi lekòl pitit pa yo ak pou kreye anplis kondisyon kote lekòl yo demontre wol presye pou paran yo jwe antan ke patnè nan kominote lekòl yo ak aprantisaj elèv yo. Nou prevwa atribiye yon kontra avan fen lete a epi patnè nou pral kòmanse ane lekòl pwochèn lan.

Anplis de pwogram mantora paran nou an, mwen rankontre tou regilyèman avèk plizyè nan gwoup paran nou yo yon jan pou m kapab pran nouvo fanmi nou yo dirèkteman. Ane sa, mwen te rankontre plizyè fwa avèk Konsèy Konsiltatif Angajman Kominote a, Gwoup Lidèchip Paran St Stephen, Konsèy Paran nan Echèl Vil la, SPEDPAC ak DELAC. Relasyon solid avèk fanmi nou yo esansyèl pou reyisit elèv nou yo. Se yon priyorite pou mwen bati sou travay nou te fè epi te devlope yon angajman pi pwofon ak pi otantik avèk fanmi nou yo nan ane k ap vini yo.

### **Patenarya avèk Antrepriz yo:**

Epi finalman, nou ap devlope yon patenarya avèk Chanm Komès Greater Boston pou ogmante nivo patenarya ant kominote antrepriz la ak BPS. Aktyèlman nou ap chache divès egzanp nan travay sa nan peyi a pou mete an plas yon sistèm nan BPS kote patnè endistri yo kapab sipòte lekòl nou yo finansyèman ak devlopmanalman nan divès fason ki aliye ak vizyon konpayi yo epi pèmèt elèv BPS yo jwenn aksè ak resous endistri yo ki gen ladan yo divès opòtinite aprantisaj baze sou travay. Nou genyen anpil antrepriz ak endistri ki vrèman enkwayab isit la menm nan Boston. Anpil nan yo vle sipòte ak wè elèv nou yo epanwi epi yo konprann valè pou konstwi yon vivye talan. Sa se yon gayan-gayan epi mwen kontan wè travay sa ap grandi pandan ane pwochèn lan.

## ESTANDA IV: Kilti Pwofesyonèl

*Favorize siksè pou tout elèv yo nan noura ak kenbe yon kilti lekòl pratik refleksiv, atant elve, ak aprantisaj kontini pou pèsònèl la.*

- 4-A Angajman anvan divès Nòm Elve
- 4-B Konpetans Kiltirèl
- 4-C Kominikasyon
- 4-D Aprantisaj Kontini

Aliyman Objektif Sirentandan:

- Ogmante responsabilizasyon Biwo Santral la ak Lekòl yo

	<b>TRÈ EFIKAS</b>
<b>x</b>	<b>EFIKAS</b>
	<b>AP ELABORE</b>
	<b>EFIKAS YON JAN MINIM</b>
	<b>INEFIKAS</b>

### **KÒMANTÈ:**

Pou estanda IV sa, mwen pral bay divès egzanp pou travay nou an ki lye ak:

- Kominikasyon Entèn
- Konsantrasyon sou Devlopman Pwofesyonèl
- Kontra Lidè Lekòl yo
- Estrikti Reyinyon yo

### **Estrikti Ekip ak Reyinyon yo:**

Chanjman direksyon pandan sèt dènye ane yo epi retou ak enpak kontini pandemi an te yon defi pou òganizasyon nou an. Se te enkwayableman enpòtan pou mwen bati yon kilti establi, pasyon ak jwa pou pèsònèl nou an k ap travay di. Founi yon [tablo òganizasyonèl](#) avèk yon estrikti klè pou wol yo ak responsabilite yo ak yon ansanm priyorite ki konplèman sa pèsònèl la t ap travay sou li a te esansyèl pou kenbe yon momentòm. Etabli yon ritm kominikasyon ak konsantrasyon gras ak divès reyinyon chak jou avèk Adjwen ak Chèf Pèsònèl mwen yo, divès reyinyon chak semèn avèk Chèf Divizyon nou an epi chak mwa avèk [Ekip Direksyon konplè](#) a ap ede bati divès relasyon solid, yon santiman ekip, ak yon kominikasyon sen sou vizyon ak detay yo.

Reyinyon chak semèn nou yo avèk Chèf Divizyon yo ba nou opòtinite pou mete enfòmasyon youn lòt sou travay nou an, grandi antan ke yon ekip ak antan ke kòlèg, epi plonje fon nan divès sijè espesifik ki lye ak priyorite nou yo. Reyinyon avèk Ekip Direksyon nou an chak mwa ap bay yon opòtinite pou Sirentandan Lekòl la ak Chèf Divizyon an evalye done yo nan nivo lekòl la ak/oubyen diskite sou yon estrateji ak yon plan deplwaman oubyen ekspansyon yon pwogram patikilye. Reyinyon sa yo esansyèl pou kwasans pwofesyonèl la epi favorize yon kominikasyon ak



divès kòmantè regilye, anplis de kolaborasyon ak kominikasyon pi òganik ki rive chak jou.

Sirentandan Lekòl yo jwe yon wol esansyèl ant lekòl nou yo ak biwo santral la. Dirije ekip rejyonal nou yo, Sirentandan Lekòl yo reyalize divès egzamen mansyèl divès done sou rezilta elèv yo, sa ki pèmèt li konprann bezwen chak lekòl la. Anplis, yo ofri kotchin ak mantora bay dirijan lekòl nou yo sou tout bagay, soti sou ansèyman rive nan lidèchip. Nou te wè yon [ogmantasyon siyifikativ](#) (dyapozitif 5) nan konpreyansyon ak apresyasyon soti nan dirijan lekòl yo konsènan sipò yo resevwa ki soti nan men pèsonèl biwo santral la. Sa fèt paske konpreyansyon klè Sirentandan Lekòl yo gen wol pa yo epi investisman adisyonèl nou te fè nan modèl rejyonal yon jan pou tout bagay tonbe sou yon moun. Asire ke Sirentandan Lekòl nou yo ansanm ak ekip lidèchip santral la ap travay an kolaborasyon epi wè Distri nou an antan ke yon sèl epi se pa yon koleksyon 119 lekòl esansyèl pou reponn ak bezwen tout elèv nou yo.

### **Kontra Lidè Lekòl yo:**

Depi nan premye jou a, mwen te di ke nou pa kapab gen yon gwo distri san ke nou pa gen yon kò direksyon lekòl ki solid ak estab ki gen ladan l travay akademik, konnen kòman soutni travay sa yon jan operasyonèl epi soutni timoun lan nan totalite li, ak respè epi angaje avèk pèsonèl yo e ak fanmi yo. Mwen reyini chak mwa avèk kabinè Dirijan Lekòl nou an ak Adjwen yo yon jan pou vwa ak panse dirijan lekòl la vin priyorite nan ti ak gwo desizyon nou ap pran. Nou t ap travay tou ane pase avèk kabinè dirijan lekòl nou an pou fè divès chanjman nan kontra prensipal aktyèl la. Atire ak kenbe dirijan lekòl yo solid esansyèl pou siksè nou. Nou te ogmante salè debaz la, te ofri yo plis opòtinite edikatif ak pwofesyonèl epi te ajoute divès bonis retansyon yo. Nou t ap tann nouvo kontra sa depi trè lontan epi ane sa, nou te konstate yon to wotasyon ki nètman enferyè ak chèf etablisman nou yo pa rapò ak ane ki vini avan sa. Ane pase, 14 dirijan lekòl yo te demisyone san okipe yon pòs nan BPS. Ane sa, sèlman 5 dirijan lekòl ki te demisyone.

### **Divès atant klè, Fòmasyon ak Devlopman Pwofesyonèl:**

Ekip la, an patikilye divizyon lekòl la ansanm ak ekip akademik la, te devlope ak kowòdone yon devlopman pwofesyonèl siyifikatif pou dirijan ak edikatè lekòl nou yo. Pou dirijan lekòl nou yo, nou te konsantre sou [Plan Lekòl Kalite yo](#) (dyapozitif 6-9) ak [atant inivèsèl yo](#) ak twa priyorite: (1) Konsantrasyon Pedagojik, (2) Kilti ak Klima ak (3) Prezans. Anplis, nou te [founi yon fòmasyon ak divès atant klè](#) konsènan ranfòsman ansèyman nivo 1 nan tout lekòl nou yo.

Nou ap founi divès èdtan adisyonèl nan devlopman pwofesyonèl pou edikatè nou yo (obligatwa pou pwofesè yo, parapwofesyonèl yo envite) konsènan mizannèv edikasyon enklizif. Nou ap mande edikatè nou yo pou panse diferamman sou kòman pou n ap desèvi elèv nou yo. Li enkwayableman enpòtan pou nou ba yo konesans ak fòmasyon yo bezwen pou yo reyisi. Devlopman pwofesyonèl sa pral reyalize nan kòmansman pwochèn ane lekòl la epi se pral yon bagay ki entegre pandan tout ane a.

### **Kominikasyon Entèn:**

Dènyèman, se te yon konsantrasyon nan ane sa pou amelyore kominikasyon entèn nou an. Nou se yon gwo òganizasyon ki gen anpil responsabilite. Asire ke pèsonèl la, yo tout gen yon konpreyansyon klè sou priyorite nou yo ak kòman travay yo ki gen relasyon ant yo pèmèt yo gen konfyans pou egzekite travay la. Youn nan premye bagay mwen te obsève depi lè m retounen nan distri a se ke ekip nou yo ekselan nan planifikasyon ak nan estrateji men reyèlman gen difikilte nan egzekisyon ak miz an plas yo. Mwen te itilize analogi 80/20 ki gen pou objektif desann tèren an avèk divès bèl jwèt men apre sa nan 20 dènye mèt yo san make pwen.

Gen divès estrikti klè, bon liy kominikasyon epi pèmèt dirijan yo e ak ekip nan tout nivo yo pran desizyon esansyèl pou garanti nou siprime defayans pwen yo ak boulon potansyèl yo pou travay la kapab kontinye fèt epi acheve. Anplis, nou te kreye plizyè ekip entèfonksyonèl entèn yon jan pou tout entèvenan kle yo ak depatman yo fè pati planifikasyon ak egzekisyon travay la. Sa te ede diferan depatman konprann wol yo, devlope responsabilite pou travay la ak wè entèdepandans pwofon ki egziste nan yon distri ki nan tay nou ki te kreye avan sa divès obstak pou avansman travay la.

Kòm endike nan rapò CGCS a sou Sekirite Lekòl la, ripti pwopriyete ak egzekisyon an te rive fèt tou nan lekòl yo ak nan depatman distri yo an repons ak ensidan esansyèl yo. Nou te devlope divès kaskad kominikasyon pou rezoud pwoblèm sa pou ensidan kritik lekòl yo ak distri yo ak pou anons a gran echèl yo ki fè enpak sou Kominote BPS la. Nou te ekri divès pwotokòl pou asire ke chak moun ap resevwa menm mesaj la, nan lang matènèl prefere yo, nan distri a men pa apati de yon lòt sous.

Tout estrikti travay-reyinyon sa, konpreyansyon klè wol yo ak responsabilite, devlopman pwofesyonèl, ak yon kominikasyon klè jwe yon wol esansyèl pou pèsonèl la santi li valorize ak fè pati yon ekip. Anplis de devlopman pwofesyonèl nan milye lekòl nou an, mwen te priyorize pou kreye tan ak espas pou PD pou ekip direksyon mwen an. Nou te patisipe nan Pwojè Lidèchip Edikasyon Piblik Havard (Harvard's Public Education Leadership Project, PELP) ak plizyè reyinyon ak fòmasyon ke Lekòl Council Great City (Council of Great City's Schools, CGSC) te òganize. Se yon travay difisil epi nou kapab reyisi si nou kapab reyisi ke si nou ap rame ansanm nan menm direksyon an. Nou pral kontinye bati ak ranfòse ekip nou an, men chak grenn jou, mwen gen onè gade pèsonèl nou an ap fè divès bagay ki enkwayab. Antan ke yon lidè, li enpòtan pou montre apresyasyon mwen pou travay di sa ak entèveni pou rezoud yon pwoblèm lè nou rankontre yon obstak. Lè nou gen yon kilti pwofesyonèl solid ak yon ekip ki gen yon istwa reyisi nan travay nan BPS epi ki angaje pou travay ansanm alontèm, se te yon defi nan pase, men kounye a se yon bagay k ap evolye nan bon direksyon epi se esansyèl pou sa rete yon konsantrasyon yon jan pou nou kapab livre travay la.

**EVALYASYON JENERAL (Konsidere pwogrè vè objektif ak kategori pèfòmans yo)**

	<b>TRÈ EFIKAS (Egzanplè)</b>
<b>X</b>	<b>EFIKAS (Konpetan)</b>
	<b>AP DEVLOPE (Konpetan)</b>
	<b>EFIKAS YON JAN MINIM (Bezwen Amelyorasyon)</b>
	<b>INEFIKAS (Pa satisfèzan)</b>

**EVALYASYON EDIKASYON INIKMAN: EVALYASYON SELON ESTANDA YO****(Plase yon 'X' nan bwat evalyasyon apwopriye a pou chak estanda)**

<b>E</b>	<b>P</b>	<b>NI</b>	<b>U</b>	
	<b>X</b>			<b>Estanda I: Direksyon Pedagojik</b>
	<b>X</b>			<b>Estanda II: Jesyon ak Fonksyonman</b>
	<b>X</b>			<b>ESTANDA III: Angajman Fanmi ak Kominote</b>
	<b>X</b>			<b>Estanda IV: Kilti Pwofesyonèl</b>

## Plan Devlopman Anplwaye (EDP)

Idantifye ak dekri 2-3 domèn pwen fò ak 2-3 domèn pou kwasans kontini baze sou divès kategori anwo, menm jan ak kòman pou yo te rive nan domèn sa yo.

Domèn pwen fò	Domèn pou kwasans kontini
Devlope yon vizyon akademik enklizif solid pou TOUT elèv yo, avèk yon konsantrasyon patikilye sou pwogram segondè yo.	Devlope yon vizyon odela enplikasyon Fanmi ak Kominote a vè yon vizyon angajman otantik fanmi ak kominote a.
Devlope alafwa divès sistèm ak estrikti makwo ak mikwo nan operasyon yo pou ede konstwi yon distri ki wotman fonksyonèl ki ap soutni yon vizyon akademik enkliziv solid.	Pouswiv ak fè evolye yon estrateji ak yon plan kominikasyon pwoaktif ak non reyaktif, enklizif ak pou tout entèvenan yo, epi alafwa efikas ak dinamik.
Kreye yon kilti ak yon eta espri atant elve ak pwofesyonalis fonde sou yon priz desizyon eklere pa done ki ranfòse yon mantalite ekip epi ki gen ladan l pati prenan ekstèn yo.	Ap travay pou devlope divès patenarya travay solid avèk Komite Lekòl la, Konsèy Minisipal la, Majistra, ajans minisipal yo, ajans eta yo, patnè komèsyal, pòs segondè, kominotè ak òganism san pwofi Boston yo nan objektif pou maksimize resous yo ak opòtinite yo nan domèn priyoritè BPS yo.